

Enfòmasyon Jeneral sou COVID-19

Viris COVID-19 la simaye fasilman atravè goutlèt respiratwa, tankou lè yon moun ki gen viris la touse oswa etènye toupre yon lòt moun.

Li kapab posib tou pou trape COVID-19 la lè w touche yon bagay ki gen viris la sou li epi w touche bouch ou, nen w oswa je w, menm si yo pa kwè se sa ki prensipal fason viris la simaye.

Sentòm yo

- Tous
- Fyèv
- Pèt odora/gou
- Doulè nan misk
- Nen kap koule
- Souf kout
- Doulè nan gòj

Prevansyon

- Lave men w souvan ak savon ak dlo cho, fwote yo pandan omwen 20 segonn epi byen rense yo. Si savon ak dlo a pa disponib pou lave men w, itilize dezenfektan pou men abaz alkòl ki gen omwen 60 pousan alkòl.
- Kouvri bouch ou ak nen w avèk yon twal lè w ap touse oswa etènye epi jete twal la nan fatra avan w lave men w avèk savon ak dlo.
- Netwaye epi dezenfekte sifas ou touche souvan tankou manch pòt, telefòn selilè, tablèt ak òdinatè.
- Evite kontak avèk moun ki malad oswa ki kapab gen sentòm COVID-19 yo.
- Rete lakay ou lè w kapab diminye pwobablite pou trape viris la oswa potansyèlman simaye l bay lòt moun.
- Si w dwe soti, evite foul epi kenbe distans 6 pye (180 cm) omwen ak moun deyò lakay ou pandan w [ap pratike distansyasyon sosyal](#).
- Vaksinen lè [**vaksen COVID-19 la**](#) vin disponib pou ou..

Resous Piblik yo

Sitiyasyon COVID-19 la ap evolye rapidman, e nou rekòmande pou pasyan yo siveye enfòmasyon yo :

- [**Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo**](#)
- [**Ministè Sante Piblik Massachusetts**](#)
- [**Ministè Sante ak Sèvis Sosyal New Hampshire**](#)

Ou kapab tou rele liy dirèk COVID-19 Massachusetts la pou jwenn enfòmasyon lè w konpoze 211, 24 è pa jou, 7 jou pa semèn.

Rezidan Massachusetts yo kapab tou abòne pou resevwa notifikasyon COVID-19 nan tan reyèl nan men responsab sante publik yo lè yo voye tèks mo kle "COVIDMA" nan 888-777.

Resevwa enfòmasyon ki ajou sou vaksen an

Imèl sou vaksen an ki soti nan Patient Gateway

Patient Gateway la se yon mwayen pratik, san danje pou jere sante w epi kominike ak klinik doktè w. N ap voye mizajou regilyèman sou vaksen COVID-19 la bay tout moun ki enskri nan Patient Gateway.

[Kisa Patient Gateway la ye ?](#)

